*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№46 (60514) * 2019 с. * 18 ноябрь * 21 рабигIул аввал * 1441 с. * итни *

## МАГIЛИБ МАВЛИДАЛДА



**Авараг (с. т. гI. в.) гьавураб рабигIул – Авал моцIалъул хIурматалда нилъер районалъул росабалъ тIоритIулел руго мавлидал. 10 ноябралда МагIлиб росулъги тIобитIана гьединаб мавлид. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер Р. Малачиловасги.**

Мавлидалда гIахьаллъи гьабулезда хирияб моцI тIаде щвейги баркун гьарана киназего Аллагьасукьа хIинкъи ва сабур гьаби. «РакI – ракIалъго баркула нужеда тIаде щвараб рабигIул – Авал моцI, жинда жанив нилъер Авараг (с. т. гI. в.) гьавураб.

Биччанте гьаниб гIахьаллъи гьабулел киназго Аварагасул (с. т. гI. в.) гIумруялъул хIакъалъулъ гIемераб лъай тIалаб гьабизе ва гьесул гIумруялъул мисалалдаса цIикIкIун пайда босизе», - ян абуна Р. Малачиловас.

**Суратазда:** Мавлидалда



## БУХЬЕН ЩУЛА ГЬАБИЗЕ

**«БагIараб кьо» КППялде Россиялъул регионаздаса хъулухъ гьабизе ритIун рачIунел жанисел ишазул хIалтIухъабазулгун щулияб бухьен букIуна нилъер районалъулгун.**

Гьал гIагарал къоялдаги районалъул бетIер Р. Малачилов, хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ районалъул бетIерасул заместитель А. Маликов, районалъул жанисел ишазул отделалъул заманаялъ вугев нухмалъулев К. ХIажиев щвана Курган областалдаса хъулухъ гьабизе рачIарал жанисел ишазул хIалтIухъабазухъе гьоболлъухъ. Гьабуна дандчIвай гьезул нухмалъулев В. Зайцевгун. ДандчIваялда рорхана районалъул территориялда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул ва цадахъ рекъон хIалтIиялъул суалал.





**Суратазда:** ДандчIваялда

### СООБЩЕНИЕ

**На территории Республики Дагестан проводится общероссийская акция**

**«Сообщи, где торгуют смертью».**

с 11 по 22 ноября 2019 года на территории Республики Дагестан проводится общероссийская акция «Сообщи, где торгуют смертью».

Мероприятия акции направлены на привлечение общественности к участию в противодействии незаконному обороту наркотиков, сбор и проверку оперативно-значимой информации, поступающей от гражданского населения, оказание квалифицированной помощи и консультирование по вопросам лечения и реабилитации наркозависимых лиц.

ОМВД России по Гергебильскому району, просит граждан района оказать содействие, в установлении мест посевов конопли, а также выявлении лиц, занимающихся незаконным оборотом, хранением и употреблением наркотических средств.

От наркомании гибнут наши дети. В первую очередь имена их пытаются затянуть наркоторговцы в свои сети и гибнет наше будущее ради своих преступных доходов. Равнодушным к данной проблеме не должен остаться ни один человек. Защитим наших детей от наркотиков, ведь они наше будущее.

**Заранее благодарим!**

**Анонимность и вознаграждение гарантируется!**

О\у Магомедов М.А. тел: 8-963-796-28-53.
Телефон доверия; 99-48-26, 98-49-08, 87(255)-23-204

### СООБЩЕНИЕ

**На территории Российской Федерации проводится межведомственная комплексная оперативно-профилактическая операция**

**«Дети России - 2019»**

В целях предупреждения распространения наркомании среди несовершеннолетних и молодежи, выявление фактов их вовлечения в преступную деятельность, связанную с незаконным оборотом наркотических средств, психотропных веществ, их аналогов и прекурсов, новых потенциально опасных психоактивных веществ, а также растений, содержащих наркотические средства или психотропные вещества либо их прекурсы, а также повышения уровня осведомленности населения о последствиях потребления наркотиков и об ответственности за участие в их обороте, на территории Республики Дагестан с 11 по 20 ноября 2019 года проводится комплексная оперативно-профилактическая операция «Дети России - 2019».

ОМВД России по Гергебильскому району, просит сообщать об имеющейся информации о лицах, занимающихся сбытом (продажей, распространением), наркотических средств и психотропных веществ и их аналогов, также аптечных наркотиков.

За употребление, хранение и распространением наркотиков привлекают к административной и уголовной ответственности по статьям 228, 228.1, 230, 234 УК РФ.

В связи с вышеизложенным, просим граждан района оказать содействие, в установлении мест посевов конопли, а также выявлении лиц, занимающихся незаконным оборотом, хранением и употреблением наркотических средств.

От наркомании гибнут наши дети. В первую очередь именно их пытаются затянуть наркоторговцы в свои сети, и гибнет наше будущее ради своих преступных доходов. Равнодушным к данной проблеме не должен остаться ни один человек. Защитим наших детей от наркотиков, ведь они наше будущее.

**Заранее благодарим!**

**Анонимность и вознаграждение гарантируется!**

О\у МАГОМЕДОВ М.А. тел: 8-963-796-28-53.
Телефон доверия; 99-48-26, 98-49-08, 87(255)-23-204

*цIиял харбал*

# МЕЖДУНАРОДНЫЙ ТУРНИР НА ПРИЗЫ НАШЕГО ЗЕМЛЯКА



**2 ноября 2019 года физкультурно-оздоровительный комплекс «Витязь» поселка Евлашево Кузнецкого района Пензенской области стал площадкой для обмена опытом, общения и достижения новых рекордов спортсменами из разных уголков России и стран ближнего зарубежья. Здесь состоялся II Международный турнир по вольной борьбе среди юношей на призы мастера спорта СССР по вольной и национальной борьбе, заслуженного работника физической культуры и спорта Республики Дагестан, заслуженного тренера Российской Федерации и Республики Дагестан Тагира Тагировича Шахбанова.**

В соревнованиях приняли участие команды: Казахстана, Узбекистана, Азербайджана, республики Дагестан, Чеченской республики, Абхазии, Донецкой народной республики, Белоруссии, г. Москвы, Башкортостана, Ульяновской и Самарской областей и Кузнецкого района, представлявшего Пензенскую область, всего более 140 спортсменов в 16-ти весовых категориях оспаривали право подняться на пьедестал почета и получить заветные медаль и кубок.

На турнире в качестве высокого гостя выступил и принял участие Помощник министра по физической культуре и спорту Республики Дагестан, Абдулбеков Нажмудин Абдулбекович, который дал высокую оценку тренерской работе Тагира Шахбанова, назвал его тренером от бога. От имени Министра спорта РД Магомедова М.Ю. он преподнес Тагиру Шахбанову Кубок с надписью « Легендарному тренеру»

Приветствовали уважаемых гостей заместитель министра физической культуры и спорта Пензенской области Сергей Никишин, глава администрации Кузнецкого района Валерий Костин. В своих приветственных словах они высоко оценили достижения в вольной борьбе в районе и области, напрямую эту связали с именем Тагира Шахбанова. Тагир дал высокий импульс развитию этого вида спорта, - заявили они, Кузнецкий район стал центром развития вольной борьбы, где проходят тренинги и семинары по пропаганде и развитию вольной борьбы.

В ходе церемонии торжественного открытия международного турнира делегация из республики Дагестан в лице Регионального фонда « Народное мнение» , за особые заслуги перед многонациональным народом Дагестана вручили Шахбанову Т.Т. знак «золотая звезда» и документы на присвоение ему почётного звания «Национальный герой Дагестана».

Ренат Абузяров – видный предприниматель, меценат и спонсор турнира озвучил приказ о назначении Шахбанова Тагира директором вновь построенного крупного спортивно – оздоровительного клуба « Батырь», не имеющего аналогов в области.

Схватки велись на двух коврах одновременно, с учетом возрастных категорий. Все поединки были зрелищными и отличались высоким мастерством участников.




По итогам соревнований было определено 64 призера. На пьедестал почета многократно поднимались воспитанники детско-юношеской спортивной школы Кузнецкого района, ученики Тагира Шахбанова.

Победителям и призерам турнира вручены дипломы, кубки и денежные премии.

В целях пропаганды спорта, популяризации вольной борьбы, распространения передового опыта спортивной борьбы в одном весе до 70 кг. проводились схватки по взрослым, в котором приняли участие именитые борцы из Белоруссии, Казахстана, Дагестана, Азербайджана.

По результатам зрелищных борцовских схваток чемпионом турнира в весе до 70 кг стал мастер спорта международного класса, бронзовый призер чемпионата Европы, серебряный призер Исламских и Азиатских игр Муртазали Муслимов, ученик Тагира Шахбанова, представляющего Азербайджан.

Спортивное руководство субъектов Российской Федерации и стран ближнего зарубежья, делегации прибывших в турнир отметили высокий уровень организации турнира и выразили стремление к дальнейшему сотрудничеству с органом местного самоуправления Кузнецкого района.

Турнир включен в календарный план Минспорта Пензенской области, и планировано проводить ежегодно.

Инициаторами проведения международного турнира являются Минспорта Пензенской области, Администрация Кузнецкого района, предприниматель, меценат и спонсор турнира Ринат Абузяров.





# ПОЛИЦИЯЛЪУЛАЗДА БАЙРАМ БАРКАНА

**Жанисел ишазул хIалтIухъабазул байрам баркун тадбир тIобитIана II ноябралда. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер Р. Малачиловас, районалъул прокурор Р. МухIамадовас, федералияв судья ГI. ГIумаровас.**

Районалъул жанисел ишазул хIалтIухъабазда хинал рагIабиги абун баркиял гьаруна районалъул бетIер Р. Малачиловас, районалъул прокурор Р. МухIамадовас. Баркиялъул рагIабаздаса хадуб хIалтIулъ церетIеял рихьизарурал районалъул жанисел ишазул хIалтIухъабазе районалъул бетIер Р. Малачиловас кьуна хIурматалъул грамотаби ва баркалаялъул кагътал.

Суратазда: Тадбиралда

*жамгIият*

# ЦIАЯЗДАСА ЦIУНИЯЛДЕ КIВАРГИ КЬУН

**Хасалил заманалда токалдасан цIикIкIун пайда босулезул тIаса – масагояб бербалагьиялъ гIадамазда тIаде рачIуна цIа ккеялъул балагьал.**

Гьебги хIисабалде босун районалъул лъайкьеялъул управлениязда байбихьун руго профилактикаялъулал хIалтIаби гьаризе. Гьениб лъималазда мисаласдалъун бихьизабула ва бичIчIуледухъ бицуна цIа ккеялдаса цIуниялъул, гьеб ккедал гьаризе ккоел тадбиразул. ЦIалдохъабаз жигараб гIахьалъи гьабула рехсолел тадбиразда.

Сураталда: Профилактикаялъул тадбир







# ГАЗ БАЧУНЕБ БУГО

**ТIабигIияб газ бачине МагIлиб –Тунзиб- Хъвартихьуниб – Курмиб – Хьаргаби мухъалда хIалтIаби гьаризе байбихьун букIана 2018 соналдаго. ХIалтIаби рагIалде рахъинариялъул болжалал нахърахъана захIматал тIабигIаталъул масъалаби рукIиналъ.**

Киналгоязде гIунтIун хIалтIаби гьаризе кколел руго техникаялъул кумек дагьго хIалтIизабун. Росабалъ гIумру гьабулезул къадаралъул хIисаб гьабураб мехалда бачине кколеб батана 150 мм гIатIилъиялъул рогIрал. ГьабсагIаталда гьеб газил мухъ бачиналда тIад хIалтIулеб буго кIиго бригада. ХIисабалде босун буго гьединго Хьаргаби росдал гIорол рагIаллъиялда бугеб лъабго авалалдеги тIабигIияб газ бачине. ГIагараб заманалда лъазабизе буго тендер авалазда тIабигIияб газ бачиналъулги.

**Суратада:** ТIабигIияб газ бачунеб

*Ислам*

# СИВАК

**Аварагас (с.т.гI.в.) абун буго: «Сивак ккола нужеда Аллагьасул разилъи ва рацIцIалъи». Аварагасул заманалдаги рукIун руго цаби-гIусал рацIцIад гьарулел щеткаби ва пастаби цадахъго гIадин хIалтIизарулел хъарахъал ва гъотIол гIаркьелал.**

ГIалимзабаз гьарурал цIех-рехазул хIасилалда чIезабуна сивакалъул цIаби-гIусазе пайда букIин. Гьанже заманалда ругел цабигIусазул пастаялда гьоркьобги букIунеб буго сивакалъул компонентал. Сивак хIалтIизабизе бегьула бокьараб мехалда.

Кванда хадубги, кьижун вахъиндалги. МухIамад аварас (с.т.гI.в.) абухъе, инсанас жиндирго сахлъи цIуниялъе ва бацIцIадаб хIухьел цIаялъе хIалтIизабизе лъикIаб буго гьеб. ГIайшатица (с.гI.) абун буго, тIоцере рукъове



щведал Аллагьасул Расулас цаби рацIцIад гьарулаанилан.

Какичурулелъул, кIал хулулаго беццараб буго сивак хIалтIизабизе , гьединго, как бухьинелде цебеги, Аварагас (с.т.гI.в.) къад букIа, къасе букIа, кьижун ворчIидалги, какичуриялда цебеги бахъулеб букIун буго сивак. Абу Аюбица (р.гI.), Бичасул Расулас бицанилан абуна: **«Ункъго сунатаб жо бугила аваргазабазул : ЧIухIи гьечIолъи, гьуинал махIал хIалтIизари, сивак бахъи ва никIкIахI.ЦохIо нилъер аварагасул гуребги , киналго аваргзабазул сунат букIун буго сивак хIалтIизаби.** ГIалима ибн ИсмагIилица абун буго : **« Дун хIикмалъула, сивакалъул бугеб пайда – хайирги лъалаго, гьеб хIалтIизабуларел гIадамазда. Аварагас (с.т.г.в.) абунила дир умматалъе захIмалъилилан хIинкъун гуребани, дица щибаб какда цебе сивак бахъеян абилаанилан.**

Сивак хIалтIизаби ккола сунат. Гьеб хIалтIизабиялдалъун инсанасе щола рахIмат, гьезул цояблъун букIине буго хвалда цебе инсанасда **« Ла илагьа иламлагь»** абизе кIвей. Сивак бахъичIого теялдалъун мунагь букIунаро, гIицIго Аллагьасул рикIкIен гьечIел рахIматаздаса ва баракаталдаса махIрумлъи гурони. Аварагас (с.т.гI.в.) кьижиялда цебе кидаго хIадур гьабун толаанила гьекъезе ва какил чуризе лъимги, сивакги.

ХIадисалда буго сивак бахъун бараб как 70 нухалъ хирияб букIунила, гьеб бахъичIого бараб какдаса. КъватIире рахъинелде, гIадамазде гьоркьове лъугьинелде, сивак бахъизе лъикIаб буго, гьелъ цабзазда тIогьилаб кьер чIвазе толаро, бактериялги хвезарула, квешаб махI бахъиналдасаги цIунула. Сивакалъ цабзазул эмаль хвезе толаро.

*тохтурасул малъиял*

# ГЬУЪРУЗДЕ ЛЪИМ ККЕЙ (ПНЕВМАНИЯ)

**Пневмания - ккола инсанасул черхалде инфекциялъул жагъаллъи ккей. Гъуърузул бакI унтидал, гъуърузде ккола лъим, хIасилалда хвезабула гъуърузда жаниб кислород ва углекислиял газал хисизари (обмен). ХIасилалда инсанасул черхалъулъ лъикIал асарал кьоларел хиса-басиял ккола, бищунго цебе захIмалъула хIухьел цIай.**

## Щай гъуърузде лъим ккей хIинкъизе ккараб бугеб ?

Лъимал гьитIинго хвеялъул аслияб гIила ккола гьеб унти. Щибаб соналда дуниялалда гьеб унтиялъ унтун хола I миллион лъимер, гьел гIемерисел щуго сон бачIел. 200 лъималазул цо лъимер ккола больницаялде, щуго сон бачIел пневнококкалъ гъуърузде лъим ккеялдалъун. Гьеб буго бищунго гIемер дандчIвалеб форма лъималазул гъуърул унтиялъул. Унтула гIемерисел кIиго сон бачIел гIисинал лъимал. Гьеб унти жакъаги гIемер дандчIвала, бищунго лъазе ккола, аслияб ккола гьелъ унтарал заманалда больницаялда регизаризе ккола. Пневнококк гIадамасдаса гIадамасде бахуна ва гьеб ккола гьаваялдасан, хIацIдал тIириялдасан. ХьехIи бачIун, гIебчдарун, цогидаб нух хIалтIизабулеб къайи - къоноялдаса (гъуд-гIучI, гьадаро, расанкIабаздаса.

Дунялалъулго сахлъи цIуниялъул организациялъ тIалаб гьабулеб буго гIисичазда гьеб унтуде данде вакцинация заманалда гьабизе кколилан, гьебги лъимаца кIиго моцI базегIан. ЧIахIиял унтичIого рукIине вакцинация гьабиялъе бахъараб схемаялда рекъон, профилактикаби гьариялъе чIезабураб календаралда рекъон. Нуж нагагь унтун рукIин щаклъи бачIани цоги лъазе ккола: хьехIи, цIакан бахин бачIани (цо-цо мехалъ цIакан бахин гьелъул букIине бегьула дагь - дагь ккун цIикIкIараб, букIине бегьула 37 градусалдаса бахинчIебги), нуж рачIине ккола медицинияб учреждениялде, хасаб медицинияб хал гьабизе. ЦIакан бахиналъе гIила ва унти кинаб бугеб лъазабизе ва заманалда байбихьизе лечение.

Заманалда вакцинация гьабизе бокьарал рачIа, «Хьаргаби ЦРБ»ялъул ГБУ РДялъул лечебно - профилактикаялъул учреждениялде.

**Р. ЗАГЬИРОВА .**
**Тохтур-эпидемиолог .**

# ГIЕЧУЛ ПАЙДА

*Щибаб къоялъ цо-цо гIеч кванай – мун киданиги тохтурасде ккезе гьечIо*



**Гьелда гъорлъ буго витамин С, гIемераб калий, углеводал, кальций. ГIечул гьуинаб сорт кванaзе лъикIаб буго би дагьлъун бугони, бежараб гIеч ккола гъиз свариялде данде дарулъун. ГIеч кванaзе лъикIаб буго кьариял гIадамазги. Гьеб кванaзе лъикIаб буго ургьисалабазда ганчIал ругониги.**

ГанчIал риинариялъе хIалтIизарула киналго сортазул гIечул хьал. Гьеб, порошок гIадин, гIисин гьабула. Лъугьараб порошокалъул цо чайгъуд бала лъел стаканалъубе. Гьекъола къойида жаниб чай гIадин.

ЦIияб гIечул кескал хIалтIизарула бухIараб бакIалъеги. Антоновка сорталъ тIагIинарула цIинкрал: лъабго анкьалъ щибаб къойил гIечул кесекалъ лъулъазе ккола цIинкир.

ГIечул гьабула къанцIаги: хачадироялъ гIисин гьабула бокьараб тайпаялъул гIеч хьалгун, пурчIунгун цадахъ. Лъола гьеб цIорол яги чини биччараб цIарагIалъуб. 800 грамм гIечул карщиде тIаде тIола гьализабун цIорораб лъел цо литр, жубазабула гьацIул, чакаралъул нуснус граммгун, реччебалъул I0 граммгун, бакъвараб чIегIераб чадил 20 граммгун. Кинабго багъарула ва лъола бецIаб бакIалда.

АнцIго къоялдасан гьеб цIула ва щибаб литралде гъорлъе бала 50-I00 грамм чакаралъул яги гьацIул, лъикI жубазабула, цIидасанги лъола хинаб ва бецIаб бакIалда беччизе. Гьелъие кьваригIуна 40-60 къо. Цинги цIула ва шушбузухъе тIола.

**ГIеч хIалтIизабула:**

I. Кванан хадуб, щибаб нухалда къанцIадул кIиго гъуд тIела лъел стаканалъубе ва гьекъела. ЛъагIалидасан хIалакълъула.

2.КъанцIаялъ макьу щунгутIи, кидаго свакан рукIин сах гьабула. Гьелъие къанцIаялъул кIиго гъуд бащад гьабун гьоцIогун жубазабула. Гьекъела кьижилалде цебе.

3. Радал рахъунелъул черх загIиплъараб гIадин бугони, кверзулги махIабазулги килщал лъулъала гIечул къанцIаялъ: кIиго гьитIинаб гъуд къанцIаялъул тIела лъел стаканалъубе.

4.Бидул тIадецуй цIикIкIунеб бугони, лъел стакангун кIиго гьитIинаб гъуд гьацIул ва гIечул къанцIаги жубан лъугьараб лъамалъи гьекъела.

5. Щекъер унтун бугони, гьеб хуле гIечул къанцIадул цо чайгъуд: цо стаканалде жубараб лъеца.

6.Черхалде тIаде рарал жал лъугIизаризе, тIомолал унтаби сах гьаризе, гIечул къанцIаялъ биччизабураб салфетка лъела унтараб бакIалда.

7.Бидурихьал гIатIилъун ругони, гьел лъулъазе лъикIаб буго гIечул къанцIаялъ. Цадахъго гьекъела лъамалъиги: кIиго гьитIинаб гъуд къанцIаялъул тIела лъел стаканалъубе. КъанцIаялъул бакIалда гIечул сокги хIалтIизабизе бегьула.

## Суалалъе жаваб хIисабалда свалат-салам лъеяв МухIаммад аварагас умматалъе тарал хIадисаздасан

Абу Умаматидасан ؓ бачIараб хIадисалда бицунеб буго: «КIиго чи дандчIвараб мехалъ, салам кинас цебе кьелебилан гьикъарасда Аварагас ﷺ абуна: «Аллагьасде ﷻ цIикIкIун гIагарда вугев байбихьила салам кьезе», – ян. *(Абу Давуд, Тирмизи) Баян: Гьел кIиязулго салам цебе кьурав вукIине вуго Аллагь ﷻ разилъи тIалаб гьабулевлъун ва Гьесде ﷻ гIагаравлъун.*

❀❀❀

Абу Гъурайратидасан ؓ бачIараб хIадисалда бицунеб буго: «Жиндалъун мунагьалги чурулеб, даражаги тIадегIанлъулеб жо щиб кколебали бицейилан гьикъарасда, Аварагас ﷺ абуна: «Какичуриги мухIкан гьабе, паризаял какалги гIужда рай», – ян. *(Муслим)*

❀❀❀

Абу Гъурайратидасан ؓ бачIараб хIадисалда бицунеб буго: Пуланав чияс Аварагасда ﷺ гьикъана: «Я Расулуллагь, дир боцIи-мал бахъизеян дида тIаде чи кIанцIани, дица щиб гьабизе кколеб?» – ан. Аварагас ﷺ жаваб кьуна: «Мун гьесие мутIигIлъуге», – ян. Гьев дунгун рагъде лъугьани, щибха гьабилебан гьикъидалги, Аварагас ﷺ абуна: «Дуца гьесдехун рагъ гьабейилан». Нагагь тIаде кIанцIарас дун чIвани щибха букIинебан гьев чияс гьикъидал, Аварагас ﷺ абуна: «Гьеб мехалъ мун шагьид вукIинилан». Дица дов чIвани щибха букIинебан цIехедалги, Аварагас ﷺ абуна: «Гьев чи жужахIалде ккелилан». *(Муслим)*

*Баян: Шагьид вукIинилан абураб рагIиялъул магIна ккола, гьев чиясе шагьидасе гIадаб даража кири щвелилан абураб.*

❀❀❀

Умукусумидасан ؓ бачIараб хIадисалда бицунеб буго: Гьереси бицине бегьулеб бакI букIунебищилан гьикъарасда Аварагас ﷺ абуна: «ГIадамазда гьоркьоб маслихIат гьабулев чи гьереси бицунев чи гуро», – ян.

Цоги хIадисалда Аварагас ﷺ абулеб буго: «Лъабго бакIалда изну (рухса) буго гьереси бицине: тушмангун вагъулаго, маслихIат гьабулаго, рос-лъади рекъезарулаго». *(Муслим) Баян: Гьереси бицин хIарамаб букIин якъинаб бугониги, маслихIаталъе гIоло шаргIалда гьелъие изну кьола гьелъ кьалде гуреб, ракълиде рачунел ругони.*

**"ХIадисазул квацIи" тIехьалдаса**

Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
Заказ №________. Тираж 1000 экз.

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола авторaз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо». Ж. Сервантес***

Индекс 51350.
Цена свободная.

Подписано в печать 14 ноября 2019 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00